

26 jen 2020

Chè fanmi,

Pandan n ap fèmen ane lekòl san parèy sa a, mwen vle remèye oumenm ak timoun ou yo pou pasyans, detèminasyon, ak pèseverans pou jan nou adapte nou avèk fèmti biling lekòl yo ak aplikasyon aprantisaj adistans lan. Mwen rekonèt sitiyasyon sa a enpoze anpil difikilte sou ou, epi li pote nouvo konplikasyon nan edikasyon elèv nou yo — sitou elèv ki gen Pwogram edikasyon endividyal (Individualized Education Program, IEP). Nou kontan anpil pou tout bagay ou fè pou kolabore avèk nou pou ede pitit ou a adapte avèk tan diifisil sa a.

Pandan n ap fè pwogram enstriksyon ak teleterapi sou entènèt, ou te fè tout sa ki nesesè pou simonte pwoblèm yo kote ou te tounen pi gwo sous sipò pou pitit ou a. Pandan n ap kontinye eksplorasyon pou reponn bezwen pitit ou a pi byen, n ap depann anpil sou bon lyezon nou deja fòje avèk ou sou wout kolaborasyon nou pou ede nou pran desizyon ki vrèman fè yon diferans.

Pwofesè pitit ou a ta dwe deja kontakte ou pou pale avèk ou sou fen ane lekòl la pou ede tranzisyon pou ete a. Si w bezwen plis enfòmasyon, tanpri kontakte direktè lekòl pitit ou a dirèkteman. Nou ankouraje w poze kesyon sou pwogrè ki fèt sou objektif IEP pitit ou a, fè rekòmandasyon epi bay opinyon w sou sa ki te mache ak sa ki pa te mache pou pitit ou a pandan peryòd aprantisaj adistans lan, epi pou mande enfòmasyon pou sipòte tranzisyon pou ete a. Nou ankouraje w pou pale avèk pwofesè ak administratè lekòl pitit ou a sou nenpòt rekòmandasyon konsènan lekòl ete pou plis sipò akademik.


Pandan twa mwa ki sot pase yo, nou elaji vizyon nou sou sa angajman ak otonomi fanmi ka vrèman vle di. Nou tande vwa paran ak fanmi tankou ou pandan plizyè atelyet travay ak fowòm, nan kesyon, enkyetid, ak rekòmandasyon sou pwosesis aprantisaj pitit ou a. Anpil paran menm jan avèk ou te fè nou konnen ke Beyond Access ki se seri atelyet travay aprantisaj sou entènèt pou fanmi timoun ki gen andikap la, ansanm avèk lè biwo pou fanmi, bay bonjan enfòmasyon yo ka itilize imedyatman. Nou pral kontinye bay resous, atelyet travay, ak sesyon pou fanmi pou nou ka ede ou pandan n ap prepare pou mwa septanm ak pou apre.

Pandan n ap gade nan direksyon sezòn otòn lan ak pran desizyon enpòtan konsènan reouvèti biling lekòl nan fason ki pi an sekirite posib la, nou pral kontinye konte sou ou pou ofri opinyon w sou sa ki ta ka mache pi byen pou ou ak pitit ou a. Si w poko deja fè sa, tanpri ede nou gide pwosesis la lè w ranpli sondaj sou Retou nan lekòl la nan schools.nyc.gov/returntoschool2020 avan delè 30 jen an.

Noumenm nan DOE angaje toutbon pou sèvi tout elèv nou yo ki gen IEP epi bay yo yon bonjan edikasyon.

Mwen rekonesan pou patenarya ou nan edikasyon pitit ou epi mwen espere ou pase yon ete enteresan!

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk